

COVID-19: Ajisteman sou Restriksyon ak Rekòmandasyon pou Vaksen

2 Avril 2021

Chè kominote kanpis la,

Depi kòmansman pandemi COVID-19 la, Inivèsite Maryland te priyorize sante ak sekirite pwofesè, pèsònèl ak etidyan yo. Nou te fè yon apwòch pridan, ki gide pa done yo, pandan nou tap reyaji byen vit nan epidemi a, epi travay de prè ak ofisyèl sante eta ak konte a. Pi enpòtan ankò nou te asire nou ke aksyon nou yo te rapid epi transparan.

Pandan ke plizyè enstitisyon etid siperyè te anile vakans prentan (spring break), nou te otorize vakans tradisyonèl prentan an, paske nou rekonèt efè negatif pandemi sa te genyen sou sante mantal ak byennèt nou. Pandan nou t ap fè sa, nou te mete sou pye mezi pou limite pwopagasyon viris la, ki gen ladann tès avan ak aprè vakans la epi tou yon konfinman pandan 2 semèn pou etidyan nou yo lè yo sot nan vakans la.

Akoz mezi sa yo epi dilijans kontinyèl kominote nou an nan respekte pwotokòl 4 Maryland yo, to pozitif pandan 2 semèn ki sot pase yo te 0.3 pousan. Epi anplis de sa, nou pat remake okenn prèv transmisyon COVID-19 nan espas travay la. To pozitif ki ba nou an, koupè ak respè strik rekòmandasyon konte a ak inivèsite a, ba nou konfyans pou nou pwosede ak yon repriz aktivite limite sou kanpis la.

Aplikab apati Lendi, 5 Avril, nou pral:

- Reprann ansèyman nan klas an pèsòn ak ibrid;
- Ogmante okipasyon espas rechèch yo jiska 75 pousan ranplisaj;
- Ogmante aktivite an pèsòn yo nan Stanp Student Union ak etablisman RecWell yo, ki enkli gwoup fitness, klèb espò ak entramiral.
- Ogmante limit rasanbleman yo jiska 20 moun anndan epi 50 moun deyò, pandan n ap asire nou ke tout rekòmandasyon sekirite yo respekte. Men tanpri sonje depi se pou limite pwopagasyon viris la, ti regwoupman yo pi bon, epi regwoupman deyò yo pi bon pase sa ki fèt anndan yo; epi
- Sal kafeterya yo ap ouvè pou manje ak yon to ranplisaj jiska 50 pousan, pandan ke distansyasyon fizik lan ap obligatwa. Pase pran epi ale a (grab-and-go) rete opsyon ki pi sekirite a epi nou ankouraje tout moun pou manje deyò depi sa posib.

Mezi sa yo pa dwe entèprete kòm yon envitasyon pou abandone [pwotokòl 4 Maryland yo](#). O kontrè. Avèk privilèj nou genyen pou n rekòmanse aktivite yo, nou vin gen responsabilite pou respekte strikteman pwotokòl 4 Maryland yo. Mete yon mask ki byen ajiste anndan ak deyò. Lave men ou souvan. Toujou pratike distans sosyal. Si ou malad, rete lakay ou.

N ap kontinye siveye de prè to pozitif, to enfeksyon yo ak lòt endikatè yo. Nou apresye epi nou atann ke w ap kontinye respekte pwotokòl 4 Maryland yo.

Aktyalizasyon sou Vaksen yo

Dapre direktiv ki etabli pa eta Maryland lan, tout pèsònèl inivèsite a [elijib](#) aktyèlman pou resevwa vaksen COVID-19 la. Depi ayè, [tout abitan Maryland yo ki gen plis pase 16 lane kapab pre-enskrì](#) pou

vaksen an nan Maryland. Nou vreman ankouraje chak manm kominote kanpis nou an pou pre-enskri pou ka vaksine epi pou rapòte vaksinasyon nou an atravè [Daily Sympton Check](#) (Verifikasyon Sentòm Jounalye) inivèsite a pou nou kapab mezire avèk presizyon to vaksinasyon an.

Genyen aktyèlman yon [sit santral pou enskripsyon](#) pou vaksinasyon klinik an mas nan eta Maryland kote nou ka enskri a lavans pou vasken an. Konte Prince George gen plizyè sit vaksinasyon kominotè ladan k ap fonksyone kote ou ka [anrejistre a lavans](#). Nou ankouraje manm kominote nou yo ki pa nan Maryland pou verifeye enfòmasyon sou distribisyon vaksen an ak depatman sante lokal oswa eta kote yo ye a.

Semèn pwochèn nou pral lanse yon pwogram pilòt ak Depatman Sante Konte Prince George la pou administre yon kantite limite vaksen sou kanpis la. Gen yon ti kantite vaksen ke yo bay konte an, e nou pral bay randevou ak pèsònèl premye liy yo ak anplyayè ki gen difikilte pou aksede ak vaksinasyon an, ki enkli difikilte teknoloji ak transpò. N ap gen pou kontakte dirèkteman moun ki elijib yo. Nou espere ke pwogram pilòt sa pral pèmèt nou etabli yon pi gwo sit vaksinasyon sou kanpis la. Nou ta renmen remèsye pèsònèl Sant Sante Inivèsite a pou jefò sa y ap fè a.

Pwomès vaksen an ak apwòch kolektif nou pou n kenbe kominote an sekirite ba nou lespwa pou yon rekòmansman pwobab tout akvite sou kanpis la. Nou remèsye chak grenn nan nou pou vijilans nou ak gwo travay nou, [4 Maryland](#).

Sensèman,

Darryll J. Pines
Prezidan, University of Maryland
He/Him/His

Patty Perillo
Vis Prezidan pou Resous Imèn
She/Her/Hers

Ann G. Wylie
Vis Prezidan Prensipal ak Dwayen
She/Her/Hers